

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

Ieu bab medar ngeunaan (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data, (4) téhnik panalungtikan, (5) instrumén panalungtikan, jeung (6) isu étik.

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Ieu pamarekan digunakeun lantaran sipatna anu leuwih subjéktif.

Métode panalungtikan anu ngagunakeun déskriptif analisis teu bisa leupas tina panalungtikan kualitatif lantaran metode déskriptif analisis dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngabéjerbéaskeun kana bebeneran anu aya dina panalungtikan. Moleong (2006, kc. 6) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maham fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna, paipolah, persépsi, motivasi, jrrd., sacara holistik jeung ngagunakeun cara déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa métode alamiah.

Suyanto (2006, kc. 80) nétélakeun yén waktu ngagunakeun métode déskriptif analisis dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan. Waktu ngagunakeun métode déskriptif analisis dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**


Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dibutuhkeun pikeun ngararancang hiji panalungtikan, sangkan bisa ngagampangkeun waktu ngalakukeun panalungtikan ti mimiti nepi ka réngsé. Sakumaha nu ditétélakeun Arikunto (2010, Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES  
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG  
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kc. 175) yén desain panalungtikan nya éta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu bakal dilakukeun dina panalungtikan.

Ieu panalungtikan miboga rarancang pikeun maluruh Carita Rahayat anu sumebar di masarakat Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung pikeun diinventarisasi. Carita Rahayat nu diinventarisasi téh tuluy strukturna nu ngawengku (téma, galur, latar, palaku, jeung amanat). Sababa réngsé tuluy dipasing-pasing dumasar babagianna. Anapon bagan desain panalungtikanna saperti ieu di handap:



Gambar 3.1  
Desain Panalungtikan

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES  
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG  
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3 Sumber Data

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana éta data kacangking. Sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku:

#### 1) Partisipan (Informan)

Partisipan atawa informan nya éta subjek dina panalungtikan nu ngaguar ngeunaan objék panalungtikan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Arikunto (2014 kc.188) yén informan mangrupa jalma anu méré informasi. Hampir sarua jeung responden. Lantaran cara méré informasina ku jalan dipancing ku panalungtik. Informan dina ieu panalungtikan nya éta masarakat Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung nu sumebar di opat RT nya éta RT 01, 02, 03, jeung 04 di hiji RW nya éta RW 05. Anapon jumlah pendudukan aya 1.231 dina bulan mei 2017 saperti dina ieu tabel.

Tabél 3.1  
Data Jumlah Penduduk Désa Curug Candung Kecamatan Bandung Kidul  
Kota Bandung

Umur	Lalaki	Awéwé	Jumlah	Umur	Lalaki	Awéwé	Jumlah
< 1 taun	3	2	5	31 taun	10	10	20
1 taun	4	8	12	32 taun	14	15	29
2 taun	8	10	18	33 taun	10	13	23
3 taun	9	11	20	34 taun	8	12	20
4 taun	6	9	15	35 taun	9	10	19
5 taun	8	7	15	36 taun	12	13	25
6 taun	10	10	20	37 taun	10	10	20
7 taun	8	9	17	38 taun	7	8	15
8 taun	9	6	15	39 taun	10	9	19
9 taun	10	10	20	40 taun	7	7	14
10 taun	11	12	23	41 taun	12	13	25
11 taun	14	16	30	42 taun	12	13	25
12 taun	12	15	27	43 taun	9	8	17
13 taun	11	14	25	44 taun	10	10	20
14 taun	7	8	15	45 taun	7	7	14
15 taun	15	15	30	46 taun	5	6	11
16 taun	10	10	20	47 taun	9	11	20
17 taun	7	9	16	48 taun	8	9	17
18 taun	8	9	17	49 taun	5	7	12
19 taun	10	10	20	50 taun	8	8	16
20 taun	8	10	18	51 taun	8	6	14
21 taun	10	10	20	52 taun	12	10	22
22 taun	8	8	16	53 taun	9	10	19
23 taun	8	10	18	54 taun	3	5	8
24 taun	7	8	15	55 taun	6	4	10

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES  
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG  
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


25 taun	8	12	20	56 taun	4	4	8
26 taun	10	15	25	57 taun	9	8	17
27 taun	10	10	20	58 taun	3	5	8
28 taun	14	16	30	59 taun	9	10	19
29 taun	16	12	28	60 taun	14	16	30
30 taun	15	15	30	>60 taun	49	39	85
Jumlah					599	632	1.231


**(Data Penduduk Désa Curug Candung Kecamatan Bandung Kidul  
Kota Bandung Bulan Mei 2017)**

Dumasar kana pedaran, bisa dicindekkeun yén Désa Curug Candung Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung nu perenahna aya di wates Kota jeung Kabupatén téh jumlah masarakatna aya 1.231 nu sumebar di RW 05.

Informan dina ieu panalungtikan nya éta warga asli Désa Curug Candung Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung. Anapon sababarah tokoh masarakat nu diwawancara pikeun meunangkeun data pamali nya éta, (1) Apa Onéd, (2) Ajengan Adé Gofar Firdaus, (3) Wa Yaya, (4) Ma Maryati, jeung (5) Hérlan.

Tabél 3.2  
Daptar Biodata Informan


Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Onéd 2) Umur : 73 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Seseupuh Curug Candung 5) Padumukan : Gg. Curug Candung RT. 05/05 Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung	


Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Adé Gofar Firdaus 2) Umur : 75 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Tokoh agama 5) Padumukan : Gg. Curug Candung RT. 04/05 Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung	


Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES  
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG  
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Yaya Sunarya 2) Umur : 55 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Gg. Curug Candung RT. 03/05 Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Herlan 2) Umur : 28 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Gg. Curug Candung RT. 05/05 Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Maryati 2) Umur : 69 taun 3) Jenis Kelamin : Awéwé 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Gg. Curug Candung RT. 05/05 Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung	

## 2) Objék Panalungtikan

Ieu panalungtikan museur kana maluruh carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung. Carita rahayat nu sumebar di masarakat dikumpulkeun ngaliwatan téhnik observasi jeung wawancara. Carita rahayat nu kakumpul ditranskripsi laju dianalisis dumasar kana papasingan jeung struktur (adegan) nu ngawengku (téma, galur, latar, penokohan, jeung amanat).

## 3) Tempat Panalungtikan

Désa Curug Candung nu perenahna aya di Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung. Sacara administratif, patepung wates jeung Désa Curug Candung Peuntas, Séké Kuda, Bobojong, Naradirédja, Pérbas, Cisureuh, jeung Wakap.

Anapon gambaran peta Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung nya éta:

Peta Lokasi Désa Curug Candung  
Kelurahan Wates Kecamatan Bandung  
Kidul Kota Bandung




Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES  
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG  
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu





### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku kana téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data.

#### 3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data, téknik nu dipakéna nya éta téhnik observasi lapangan ku cara ngawawancara sababaraha narasumber atawa informan nya éta masarakat Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung. Salian ti ngumpulkeun data di lapangan panalungtik ogé ngagunakeun téhnik studi pustaka ku cara macaan sababaraha buku référénsi pikeun nguatkeun data tina hasil panalungtikan di lapangan.

##### 1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka mangrupa téhnik panalungtikan nu dilakukeun ku cara macaan buku-buku sumber ti pabukon. Buku-buku nu dibaca nya éta buku-buku nu aya patalina jeung konsép, tiori katut pedaran pasualan panalungtikan. Udaganna pikeun ngeuyeuban tiori-tiori sarta nguatkeun pasualan nu dipedar dina panalungtikan.

## 2) Téhnik Observasi

Téhnik observasi mangrupa léngkah awal nu biasana dilakukeun dina panalungtikan kualitatif. Sakumaha nu ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006 kc. 174) yén aya sasabaraha alesan nu ngalantarankeun téhnik observasi digunakeun dina panalungtikan kualitatif. Salah sahiji nu ngalantarankeunna nya éta téhnik observasi didadasaran ku pangalaman sacara langsung.

## 3) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa paguneman antara dua jalma, dimana aya nu nanya jeung nu ngajawab. Sakumaha nu ditétélakeun ku Moleong (2006, kc. 186) yén wawancara mangrupa paguneman nu miboga maksud nu tangtu. Tujuan tina wawancara nu sakumaha ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006. kc 186) yén tujuan tina wawancara téh ngawengku ngarékontruksi ngeunaan jalma, kajadian, orhanisasi, perasaan, motivasi, tuntunan, jeung sajaban jeung sajabana.

## 4) Téhnik Dokuméntasi jeung Transkripsi Data

Dokuméntasi mangrupa hal nu penting. Ku ayana dokuméntasi hasil panalungtikan bisa leuwih dipercaya. Sakumaha nu ditétélakeun ku Endraswara (2009, kc. 99) yén dokuméntasi mangrupa léngkah awal panalungtikan folklor jeung étnografi (kualitatif). Dokuméntasi nu dilakukeun bisa ngaliwatan rékaman video, sora, jeung poto.

Sabada didokuméntasikeun data satuluyna ditranskripsi atawa dialih mediakeun tina lisan kana tulisan. Endraswara (2009, kc. 96) nétélakeun yén transkripsi data nya éta léngkah pikeun ngarobah data lisan kana tulis. Data lisan ilaharna mangrupa rekaman vidio, suara, boh tina HP, komputer, atawa CD. Dina prosés transkripsi panulis kudu taat kana asas transkripsi, hartina panulis teu meunang ngarobah sanajan ngan sahurup atawa sakecap tina data lisan nu ditranskrip.



### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul jeung ditranskrip, data tuluy didéskripsikeun tur dipasing-pasing dumasar jenisna. Saterusna, data analisis dumasar kana struktur (adegan) nu ngawengku (téma, galur, latar, palaku, jeung amanat) nu nyangkaruk dina eusi Carita Rahayat di Désa Curug Candung. Tuluy data diolah jadi bahan pangajaran. Anapon léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu di handap.

#### 1) Déskripsi jeung Papasingan Carita Rahayat nu aya di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung.

Sabada ngadéskripsikeun, carita rahayat nu kakumpul téh tuluy dipapasing dumasar jenisna. Endraswara (2009, kc. 106) nétélakeun yén papasingan téh nya éta *penggolongan*. Éta papasingan atawa *penggolongan* dilakukeun sacara manual ngagunakeun kartu data papasingan.

#### 2) Analisis Struktur (adegan) nu ngawengku (téma, galur, latar, palaku, jeung amanat)

Data nu geus dipasing-pasing tuluy dianalisis struktur (adegan) nu ngawengku téma, galur, latar, palaku, jeung amanat. Dina prosés nganalisis strukturna data ditapsirkeun dumasar kana tiori.

#### 3) Ngolah Bahan Pangajaran

Data nu geus dianalisis struktur (adegan) nu ngawengku (téma, galur, latar, palaku, jeung amanat) téh diolah tuluy dipatalikeun kana bahan ajar.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nurutkeun Arikunto (2010, kc. 2013) nya éta pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih taliti lengkep jeung sistematis sarta leuwih gampang nalika engké ngolah datana. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) Daptar buku sumber, (2) tabél obervasi lapangan, (3) pedoman wawancara, (4) alat rékam (HP), (5) kaméra, (6) alat tulis, jeung (7) kartu data.

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1) Daptar Buku Sumber

Daptar buku sumber mangrupa daptar buku-buku référénsi nu ditulis ku para ahli nu digunakeun pikeun nguatkeun ieu panalungtikan. Daptar buku diruntuykeun dina wangun tabél sangkan ngagamapangkeun dina ngagunakeunana. Ieu di handap mangrupa tabél buku nu digunakeun.

Tabél 3.3  
Buku Sumbér

NO	Idéntitas Buku	Kategori Buku
	Judul :	1. Kabudayaan
	Penulis :	2. Basa
	Taun Terbit :	3. Sastra
	Penerbit :	4. Foklor
		5. Carita Rahayat
		6. Métode Panalungtikan
		7. Kamus Basa Sunda

### 2) Pedoman Obervasi Lapangan

Pedoman observasi lapangan digunakeun pikeun niténan kondisi alam, kabiasaan sapopoé masarakatna, wangunan imah, jeung kamekaran carita rahayat di masarakat Désa Curug Candung. Pedoman observasi dijieun dina wangun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.4  
Pedoman Observasi Lapangan

No	Objek penelitian	Identitas narasumber	Keterangan
1	Carita Rahayat	Apa Onéd	
2	Carita Rahayat	Ade Gofar Firdaus	
3	Carita Rahayat	Yaya Sunarya	
4	Carita Rahayat	Herlan	
5	Carita Rahayat	Maryati	

### 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun Carita Rahayat anu hirup di masarakat Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung anu wangunna lisan. Pedoman digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara anu henteu *terstruktur*, hartina narasumber teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruhna ngeunaan pamali anu hirup di sabudeureunana. Ieu dihandap mangrupa pedoman

wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku idéntitas informan jeung pedoman wawancara.

Tabél 3.5  
Idéntitas Informan

Idéntitas Informan		
6) Ngaran	:	
7) Umur	:	
8) Jenis Kelamin	:	
9) Jabatan	:	
10) Padumukan	:	
		Foto

Tabél 3.6  
Pedoman Wawancara Carita Rahayat

No	Pedoman	Patalékan
1	Kaayaan Alam	Kumaha bédana kaayaan alam Curug Candung baheula jeung Curug Candung kiwari?
2	Sajarah	Kumaha sajarahna Curug Candung?
3	Carita rahayat	Carita Rahayat naon waé nu aya jeung dipercaya ku masarakat Curug Candung?

#### 4) Alat Rékam (HP)

Alat rékam nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *aplikasi perekam suara* dina *HP*. Ieu alat digunakeun pikeun meunangkeun data pamali tina hasil wawancara jeung narasumber.

#### 5) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokumentasikeun prosés lumangsungna panalungtikan jeung hal-hal naon baé nu dianggap penting waktu panalungtikan. Dokuméntasina mangrupa foto jeung video narasumber, jeung kaayaan tempat panalungtikan.

#### 6) Alat Tulis

Alat tulis ngawengku kertas jeung pulpén nu digunakeun pikeun nyatet data ngeunaan kapamalian ti narasumber nu nolak wawancarana dirékam. Salian ti éta alat tulis ogé digunakeun dina ngawilah-wilah pamali.

## 7) Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngadokumentasikeun data anu mangrupa téks carita rahayat. Kartu data ngagampangkeun pikeun panalungtik nataan carita rahayat luyu jeung papasinganana.

Tabel 3.7  
Kartu Data Papasingan Carita Rahayat

No	Judul Carita Rahayat	Mitos					Legenda				Dongéng			
		Kosmogoni	Asal-usul	Déwa-déwa jeung Mahluk Ulahia	Androgini	Ahir Dunya	Keagamaan	Alam Gaib	Perseorangan	Selengkap	Sasatoan	Biasa	Bodor jeung <i>anekdot</i>	Berumus

Tabel 3.8  
Kartu Data Ulikan Struktural

No	Judul Carita Rahayat	Téma	Galur			Latar			Palaku	Amanat
			Méréké	Mobok Tengah	Mundur	Tempat	Waktu	Sosial		

### 3.5.1 Téhnik Panalungtikan

Dumasar kana téhnik panalungtikan aya sababaraha léngkah-léngkah panalungtikan nu kabagi kana tilu tahap nya éta:

#### 1) Pra panalungtikan

Pra panalungtikan mangrupa kagiatan nu dilakukeun saméméh panalungtikan ka lapangan. Dina ieu tahap ngawengku sasabaraha léngkah-léngkah nya éta:

- (1) nangtukeun objék panalungtikan;
- (2) nangtukeun tempat panalungtikan;
- (3) nangtukeun rumusan masalah panalungtikan;
- (4) nangtukeun métode panalungtikan;
- (5) nangtukeun buku référénsi.

#### 2) Prungna panalungtikan.

Tahapprungna panalungtikan mangrupa tahap panalungtikan di lapangan pikeun meunangkeun data ngeunaan objék nu ditalungtik nya éta Carita Rahayat. Ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah nya éta:

- (1) nguruskeun izin ka pihak kepala RW 05;
- (2) observasi lapangan;
- (3) ngawawancara langsung informan ngeunaan objék panalungtikan;
- (4) nyatet hasil sementara di lapangan.

#### 3) Pasca panalungtikan

Tahap pasca panalungtikana nya éta tahap ngolah, napsirkeun jeung nyusun laporan tina hasilpanalungtikan di lapangan. Anapaon dina ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah:

- (1) Ngatranskripsi hasil wawancara jeung informan;
- (2) nyusun laporan hasil panalungtikan;
- (3) medar hasil panalungtikan nu dipatikeun jeung tiori-tiori nu aya dina bab II;
- (4) nyieun kacindekan jeung saran.

### 3.6 Isu Étik

Ieu panalungtikan dilakukeun saluyu jeung rarancang kagiatan panalungtikan. Ngaliwatan ieu panalungtikan, carita rahayat nu sumebar di masarakat Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung téh didokuméntasikeun. Lamun sakirana aya hal nu dipantrang ku masarakat atawa hal nu teu meunang diguar, panalungtik teu maksa boh narasumber boh informan pikeun ngajelaskeun éta hal. Tujuanna sangkan aya hubungan nu hadé antara masarakat jeung panalungtik.